

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Pupujian mangrupa salasahiji wangun karya sastra anu masih kénéh hirup tur aya di masarakat, anu sumebarna sacara lisan. Pupujian di Kampung Manis, Désa Haurkuning, Kecamatan Nusahérang, Kabupatén Kuningan, masih kénéh diparaké di masarakatna, ieu hal bisa katitén atawa dibuktikeun ku cara diayakeun panalungtikan ngeunaan pupujian di éta kampung.

Tina hasil panalungtikan ieu bisa dicindekkeun:

- a. Pupujian anu kapanggih aya 37 pupujian. Saterusna dina nangtukeun pupujian anu dianalisis téa, dicokot sacara acak (*random sampling*), nu ahirna dianalisis ngan 19 pupujian nya éta nu judulna “Kaagungan Pangéran”, “Solawat Muluk”, “Solawat 1”, “Solawat 2”, “Solawat 3”, “Du’a Sanggeus Ngaji”, “Du’a Bulan Rojab”, “Du’a Sapujagat”, “Gampilkeun Sagala Urusan”, “Pupujian Bulan Puasa”, “Tobat (1)”, “Tobat (2)”, “Ménta Hampura”, “Ménta Safa’at ka Nabi”, jeung “Ménta Safa’at”, “Akibat Jauh ti Ulama”, “Istigfar 1”, “Istigfar 2”, “Istri Soléhah”, “Padang Mahsyar”, “Katangtosan Kanjeng Nabi”, “Ngajak Solat 1”, jeung “Ngajak Solat 2”, “Bakal Maot”, “Berjamaah Solat”, “Kautamaan Tarawéh”, “Lenyepan Surat Toha”, “Masjid”, “Niat Badé Ngaos”, “Opat Golongan Ahli Naraka”, “Tujuh Golongan Ahli Surga”, “Paréntah Pangéran”, “Putra Kangjeng Nabi”, “Rundayan Nabi ti Ibuna”, “Cai Sah dipaké Susuci”, “Sipat Rosul”, jeung “Sipat Mohal di Alloh”;

- b. Jumlah pada pangsaeutikna diwangun ku sapada, jeung anu panglobana diwangun ku 6 pada. Jumlah padalisan rata-rata diwangun ku 4 padalisan (wangun kantétan opat), iwal dina pupujian anu ka-8 nu judulna *Du'a Sapujagat* ieu mah diwangun ku 5 padalisan. Kitu deui jumlah engang, ieu ogé kaayanana teu angger, dina harti robah-robah. Engang anu kapanggih jumlahna ti mimiti 6 nepi ka 14 engang. Hasil analisis ngeunaan purwakanti jumlahna aya 66 anu ngawengku 9 maduswara, 4 laras purwa, 7 mindoan kawit, 19 runtayan pungkas, 6 laras wekas, 15 mindoan wekas, 4 laras madya, jeung 2 margaluyu. Basa nu digunakeun dina pupujian, ngawengku basa Sunda nu jumlahna 12 jeung basa campuran antara Sunda jeung basa Arab nu jumlahna aya 7;
- c. Eusi pupujian bisa diwincik, nu muji ka agungan Allah ngan aya sajudul pupujian, solawat ka Rasulullah aya 4 pupujian, du'a jeung tobat ka Allah aya 8 pupujian, neda safaat ka Rasulullah aya 2 pupujian, nganaséhatan umat sangkan ngajalankeun ibadah jeung amal soléh sarta ngajauhan kama'siatan aya 8 pupujian, jeung pangajaran agama aya 14 pupujian;
- d. Pupujian dumasar kana harti ngawengku kana analisis harti saujurtna, rasa, nada jeung itikad;
- e. Pupujian nu fungsina keur nungguan jamaah solat nya éta aya 13 judul pupujian. Pupujian nu fungsina dibaca dina pangajian aya 11 judul pupujian. Pupujian nu fungsina ngamimitian ngaji aya 3 judul pupujian, jeung pupujian anu fungsina dibaca saba'da ngaji nya éta ngan aya sajudul pupujian;

- f. Tina hasil panalungtikan pupujian ieu, bisa dijadikeun wangun bahan pangajaran di SMP kelas 7 nu luyu jeung SKKD.

5.2 Saran

Ngayakeun panalungtikan kana karya sastra dina wangun pupujian karasa pisan loba mangpaatna. Salian ti bisa nyaho kana eusina, ogé bisa jadi jalan pikeun nambahan pangaweruh dina widang sastra, hususna sastra Sunda.

Dumasar kana éta hal aya sababaraha hal anu perlu ditepikeun,

1. Pikeun siswa jeung mahasiswa

Parasiswa jeung mahasiswa kudu satékah polah wawuh (diwanohkeun) kana karya sastra Sunda anu salasihijina mangrupa pupujian. Ieu hal dipiharep sangkan maranéhna kageuing pikir tur kagugah rasana nepi ka daék ngaropéa atawa musti-musti dipiharep, maranéhna anu sabener-benerna.

2. Pikeun guru

Para guru anu nyepeng studi basa Sunda, pangpangna dina lebah ngajarkeun pangajaran aprésiasi sastra, leuwih hadé upama bari dideudeul ku pangaweruh séjénna nu aya di masarakat, dina harti teu ngeukeuweuk teuing buku. Ieu hal sangkan daya pikir siswa leuwih motékar jeung mikanyaho kana karya sastra Sunda anu leuwih jembar.

3. Pikeun lembaga pamaréntah

Keur pihak pamaréntah, upamana Dinas Pendidikan nu aya di provinsi atawa kabupatén, kudu mikanyaho kana informasi-informasi ngeunaan karya sastra

Sunda anu masih aya kénéh di masarakat. Di mana aya nu ngayakeun panalungtikan kana éta karya sastra salasihijina wangun pupujian, kudu ngarojong jeung jadi pasilitator anu bisa ngabantu kana kalancaran panalungtikan.

